



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY MIZAJOU SOU TANPÈT NÒDÈS LA KI AFEKTE PLIZYÈ PATI NAN REJYON NÒ A JODI A AK EVÈNMAN NÈJ PWOLONJE SOU LAK ERIE AK ONTARIO JISKA LENDI**

*Premye tanpèt nòdès sezon ivè a kontinye afekte plizyè pati nan rejon nò Eta New York avèk plis pase yon pye nèj yo prevwa nan North Country, Mohawk Valley ak rejon kapital yo; pi wo elevasyon yo ka prèske rive nan de pye nèj jiska samdi*

*Plizyè pati nan rejon New York Santral ak rejon Southern Tier pral resevwa 8 jiska 12 pouz nèj jiska samdi; tanpèt yo ta dwe gen to chit nèj wo ki nan 1 a 2 pouz pa èdtan*

*Nèj efè lak bò Lak Erie ak Ontario ta dwe kòmanse aswè a epi kontinye jiska lendi avèk akimilasyon total chit nèj jiska de pye nan Lwès New York ak jiska kat pye ki posib nan Plato Tug Hill*

*Sant Operasyon Ijans Eta a ap aktive jedi pou kowòdone repons ajans Eta a ak fasilité demann pou asistans nan men gouvènman lokal yo*

*Gouvènè Hochul mande pou pa fè vwayaj ki pa nesesè jiska dimanch nan divès kote akòz yo prevwa gwo nèj imid k ap lakòz kondisyon vwayaj danjere ak blakawout*

Gouvènè Kathy Hochul te bay jodi a yon mizajou sou premye sezon nan tanpèt nòdès ki ta dwe gen yon enpak sou pati nò New York ak yon pye gwo nèj imid pandan jounen vandredi a pandan l ap ankouraje moun ki nan rejon ki bò Lak Erie ak Lak Ontario pou yo prepare pou yon evènman nèj efè lak pwolonje ki ka pwodui jiska kat pye nèj nan kèk kote apati vandredi swa jiska lendi. Nèj yo ta dwe anpil pafwa jodi a atravè pi wo elevasyon North Country ak kèk pati nan rejon Mohawk Valley ak Distri Kapital anvan yo fini byen bonè samdi avèk total nèj jiska yon pye oswa plis nan kèk kote. Pati nan New York Santral ak Southern Tier te kapab tou resevwa jiska yon pye nèj nan kèk kote nan samdi. Nèj efè lak ki soti nan Lak Erie ak Ontario ta dwe kòmanse aswè a epi kontinye nan lendi bonè avèk akimilasyon total chit nèj jiska de pye yo prevwa nan Lwès New York ak jiska kat pye ki posib pou anplasman yo nan Plato Tug Hill la. Yo prevwa pi gwo nèj soti samdi jiska dimanch swa avèk pouvantaj chit nèj nan Lak Erie ki

ta dwe atenn jiska de pouz pa èdtan, alòske pouzantaj chit nèj nan Lak Ontario ka totalize twa pouz pa èdtan pafwa.

"Total nèj jiskaprezan yo ba nan pati lès New York yo men yo prevwa lè pi frèt pandan jounen an ap pwogrese. Lapli pral chanje an nèj, sa ki fè vwayaj difisil nan pita apremidi a ak aswè a", **Gouvènè Hochul te deklare**". Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan epi siveye previzyon yo pandan jounen jodi a, espesyalman nan North Country ak zòn nan Lak Erie ak Ontario".

Ant jedi ak vandredi maten, total chit nèj yo te pi wo nan rejon Mid-Hudson ak kèk kote ki te resevwa jiska uit pouz nèj. Lòt total chit nèj yo se konsa:

- Finger Lakes ak Southern Tier: 4-7"
- NY Santral: 3-7"
- Mohawk Valley: 2-6"
- Rejon Kapital: 4-6"
- North Country: 3-7"
- Rejon Lwès NY: 1"

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare**, "N ap gade de evènman meteyo diferan kounye a - youn k ap pwodui lapli ak nèj maten an pou pifò eta a, ak lòt la gen potansyèl pou pote plizyè pye nèj nan Plato Tug Hill ak zòn ki ozalantou Lak Erie ak Lak Ontario. Pote bon atansyon ak previzyon lokal ou wikenn sa. Si ou dwe vwayaje, rezève plis tan vwayaj pou ale nan destinasyon ou epi pran tout prekosyon ki nesesè yo".

Gen plizyè avètisman, alèt ak metewolojik ki te pibliye pou pifò pati nan eta a jiska samdi. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman meteyo yo nan zòn ou an, vizite [sitwèb Sèvis Meteyo Nasional](#) (National Weather Service) la epi chèche zòn ou an selon vil oswa kòd postal.

## Preparasyon Ajans Eta yo

### Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) la ap kowòdone operasyon entèvansyon ajans Eta yo epi kominike ak gouvnènman lokal yo pandan tout evènman meteyo a. Yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a jedi apremidi pou siveye repons tanpèt la ak kondisyon vwayaj yo. Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Eta a prepare pou deplwaye resous ki soti nan rezèv Eta a pou sipòte gouvnènman lokal yo ak bezwen ki gen rapò ak tanpèt la. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Eta a gen ekipman ak pèsonèl ki disponib pou ede ak demann èd mityèl yo.

### Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a trè angaje l epi ap entèvni nan evènman meteyo aktyèl la avèk 3,450 sipèvizè ak operatè ki disponib nan eta a.

Pou soutni aktivite kont nèj ak glas nan zòn kritik yo, yo ap deplwaye 44 anplwaye otatal, ki gen ladan 33 operatè chasnèj, de sipèvizè, ak nèf enstriktè operatè ekipman yo. Yo te distribiye yo konsa:

- Rejyon Kapital:
  - Te resevwa de enstriktè operatè ekipman ki soti nan Finger Lakes
  - Te resevwa yon enstriktè operatè ekipman ki soti nan Long Island
  - Te resevwa yon enstriktè operatè ekipman ki soti nan biwo prensipal DOT la
- Mohawk Valley:
  - Te resevwa uit operatè chasnèj ki soti nan Long Island
- NY Santral:
  - Te resevwa 25 operatè chasnèj ak de sipèvizè ki soti nan Long Island
- North Country:
  - Te resevwa de enstriktè operatè ekipman ki soti nan Lwès New York
  - Te resevwa yon enstriktè operatè ekipman ki soti nan Rejyon Kapital la
- Southern Tier:
  - Te resevwa de enstriktè operatè ekipman ki soti nan Long Island

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an. Kantite ekipman ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 1,732 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 339 gwo chajè
- 52 remòk chasnèj
- 39 aparèy pou soufle nèj

Anplis de sa, DOT mete anplas sèvis remokaj sou gwo koridò vwayaj yo ki pral afekte pa tanpèt la nan konte sa yo: I-84 (Orange), I-84 (Putnam), I-684 (Putnam), I-81 (Onondaga), I-81 (Broome), I-88 (Broome), I-86 (Broome), NY 17 (Broome), NY 206 (Delaware), NY 28 (Delaware), NY 17 (Sullivan, de lokal), I-390 (Steuben), ak I-86 (Chemung). Sèvis remokaj yo pral itilize tou nan Hutchinson River Parkway, Cross County Parkway, Saw Mill River Parkway, ak Sprain Brook State Parkway.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj ki ajou, rele 511, vizite [511NY.org](http://511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

### Otorite Thruway

Anplwaye Otorite Thruway yo patisce aktivman nan operasyon nèj ak glas avèk 679 operatè ak sipèvizè ki disponib. Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a:

- 358 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 68 gwo chajè

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) yo k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Lapolis Eta**

Lapolis Eta a pral siveye kondisyon yo epi li pral bay patwouy siplemantè nan zòn ki afekte anpil nan tanpèt la. Tout veykil touteren yo ak veykil espesyalize yo, ki gen ladan veykil touteren sèvis piblik ak motonèj yo, ap an sèvis.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Sèvis piblik New York genyen apeprè 6,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, pwoteksyon kab, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta a. Sa gen ladann yon lòt 515 travayè ekstèn ki garanti pa Gad Nasional la, 400 travayè ekstèn ki garanti pa NYSEG ak RG&E, 50 travayè ekstèn ki soti nan Central Hudson, ak 50 travayè ekstèn ki garamti pa Orange & Rockland. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal**

Ofisyè lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York yo, gad forè yo, anplwaye jesyón ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sitiyasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ke move tan an afekte. DEC ap kowòdone deplwaman resous ak patnè ajans yo avèk tout byen ki disponib yo pozisyone pou ede ak nenpòt repons ijans.

DEC ap konseye itilizatè nan rejyon andeyò yo pou yo konsyan ak prepare pou kondisyon ivè yo. Sekirite pou randone ak patine nan sezón fredi ak preparasyon yo trè enpòtan kèlkeswa kapasite fizik oswa destinasyon ou. Byen prepare pou kondisyon ivè yo esansyèl pou yon eksperyans ki pi agreyab ak pi an sekirite. Pandan e imedyatman apre peryòd gwo chit nèj yo, evite zòn ki ouvri, ki ekspoze tankou somè vid epi pran anpil prekosyon lè w ap vwayaje sou oswa toupre pant ki ouvri yo. Gen enfòmasyon amplis [sou sekirite aleksteryè ki disponib sou sitwèb DEC la](#).

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou [swiv pi bon pratik jesyón yo](#) pou ede anpeche inondasyon ak redui posibilite pou gen polyan tankou

sèl, sab, lwil, fatra oswa lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè piblik ak prive yo pou retire nèj ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la.

Byen bonè jodi a, Gouvènè Hochul te bay [konsèy sou sekirite](#) pou ede Nouyòkè yo prepare yo pou tanpèt la. [Plis konsèy sou sekirite](#) disponib sou [sitwèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans la.](#)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418